



Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Idantifikasyon Pasyan an
Adrès Pasyan an		

Mwen, oswa reprezantan otorize mwen an, fè demann pou yo kapab kominike epi fè echanj enfòmasyon sante ki gen pou wè ansanm ak swen ak trètman m ap resewva jan sa di klèman nan fòm sa. Mwen konprann:

- Otorizasyon sa kapab genyen ladan li kominikasyon enfòmasyon sante mwen yo, ansanm ak kote li aplikab yo, nenpòt ak tout enfòmasyon ki gen pou wè ak TRÈTMAN POU ALKÒL ak ABI SIBSTANS (DWÒG), TRÈTMAN SANTE MANTAL tankou enfòmasyon sou REJIS KLINIK*, JENETIK, PLANIN FAMILYAL ak enfòmasyon ki gen rapò ak VIH/SIDA. Nan ka kote enfòmasyon sante ki dekri pi ba an ta fè pati nenpòt nan kategori enfòmasyon sa yo, mwen otorize espesyalman pou yo kominike enfòmasyon sila abay antite ki afiche nan Atik 6 yo.
- Nan kèk ka eksepsyon, antite ki ap resewva enfòmasyon yo ap kapab kominike enfòmasyon sou sante ki te deja kominike yo yon lòt fwa. Si mwen ap otorize pou yo kominike enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH/SIDA, trètman pou abi alkòl ak dwòg, oswa trètman sante mantal tankou Rejis Klinik*, Jenetik, ak/oswa enfòmasyon sou Planin Familyal, antite k ap resewva an pa gen dwa pou li kominike kalite enfòmasyon sa yon lòt fwa ankò oswa itilize enfòmasyon ki deja kominike an pou nenpòt objektif ki pa menm ak objektif ki nan kad otorizasyon sa san otorizasyon pa m sou sa sof si lwa federal ak lwa eta an ta pèmèt li fè sa. Si yo ta fè diskriminasyon sou mwen poutèt kominikasyon enfòmasyon sou VIH/SIDA mwen yo, mwen kapab kontakte Divizyon pou Dwa Imen nan Eta New York la nan 1-888-392-3644. Ajans sa gen responsab pou li pwoteje dwa mwen genyen yo.
- Mwen genyen dwa pou mwen anile otorizasyon sa nenpòt lè pandan m ap ekri pwofesyonèl swen sante ki afiche pi ba nan Atik 5 la. Mwen konprann mwen kapab anile otorizasyon sa sof nan ka kote yo ta deja pran mezi sa pa rapò ak otorizasyon sa.
- Mwen gen chwa pou m siyen oswa pa siyen otorizasyon sa. Mwen konprann jeneralman pou m kapab gen aksè ak sèvis yo, sa p ap gen anyen pou wè ak otorizasyon kominikasyon sa a. Sepandan, mwen konprann yo kapab pa banm trètman nan kèk sitiyasyon si mwen pa siyen fòm konsantman sa.

5. Yo ap Kominike ak Pataje Non ak Adrès Pwofesyonèl Swen Sante an oswa Antite an: Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports) 1450 Western Ave, Albany, NY 12203	
6. Non ak Adrès Pwofesyonèl swen sante an (yo) ki ap kominike ak pataje enfòmasyon an: Mwen otorize pwofesyonèl swen sante ki pi ba an(yo) pou antre enfòmasyon sante pèsònèl mwen yo ansanm ak Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports) an. Pou yo kapab evalye kalite sèvis mwen ap resewva yo, mwen dakò pou tout kominikasyon yo fèt nan mitan Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an ansanm ak pwofesyonèl swen sante ki pi ba an (yo) nan kad antesedan trètman pou alkòl ak/oswa abi sibstans mwen an; sèvis trètman aktyèl ak sa ki pwopoze yo:	
<ul style="list-style-type: none"> • Non ak Adrès Pwofesyonèl swen sante an: _____ • Non ak Adrès lòt pwofesyonèl swen sante yo: _____ 	
7. Objektif kominikasyon sa se pou pèmèt antite ki otorize yo kominike ansanm ak Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an pou fasilite kreyasyon rapò yo.	
8. Yo kapab kominike ak pataje enfòmasyon sante mwen yo pou yon peryòd de (2) lane apati dènye dat sèvis la, oswa si tout fwa yo ta anile l.	
9. Si w pa pasyan an, mete non moun ki siyen fòm sa:	10. Otorite pou siyen nan non pasyan an:

Tout atik ki nan fòm sa yo konplè, yo te reponn tout kesyon mwen genyen sou fòm sa epi yo te banm yon kopi fòm sa.

SIYATI PASYAN AN DAT LA

SIYATI REPREZANTAN LALWA OTORIZE AN DAT LA

Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiskyon Eta New York la te apwouve fòm sa pou otorize kominikasyon enfòmasyon sou sante. Sepandan, fòm sa pa egzijè pou pwofesyonèl swen sante yo kominike enfòmasyon sou sante.

Enfòmasyon ki gen pou wè ak trètman alkòl/dwòg oswa enfòmasyon konfidansyèl ki gen pou wè VIH ki kominike nan fòm sa yo dwe vini ansanm ak deklarasyon ki obligatwa konsènan entèdiksyon pou yon lòt kominikasyon.

*Remak: Yo kapab kominike enfòmasyon ki sòti nan rejis klinik nan kad swen sante mantal yo dapre sa otorizasyon sa di bay antite konsène yo idantifye nan papye sa ki gen yon bezwen klè pou jwenn enfòmasyon an, a kondisyon pataj enfòmasyon an pa ta vin lakòz yo diskrimine pasyan an oswa yon lòt moun.